



SpeakUp™

Fè yon Operasyon an Sekirite

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa ou ka fè pou ede kenbe pitit ou an sekirite anvan nou ale lopital la?

Mande pou yo bay yon sedatif kèlkonk (medikaman pou dòmi) nan lopital la men pa lakay la anvan ou ale nan lopital la. Pale ak chirijyen an ak lòt moun yo ki pral opere pitit ou a. Mande konbyen tan eksperyans yo genyen nan fè operasyon an. Li enpòtan pou ou gen konfyans nan kapasite moun ki pral opere pitit ou a. Mande kisa ou kapab fè pou ede prepare pitit ou a pou operasyon an.

Kisa ou ka fè pou ede kenbe pitit ou a an sekirite anvan operasyon an?

Pale ak chirijyen an sou pati nan kò pitit ou a ke yo pral opere ladann nan. Mande chirijyen an pou l make pati ki pral opere a pandan w nan chanm nan. Sa pral asire w li se pati kòrèk la. Asire w chirijyen an make sèlman pati ki kòrèk la epi okenn lòt kote.

Kisa ou ka fè pou ede kenbe pitit ou a an sekirite apre operasyon an?

Mande si espesyalis pedyatrik yo pral pran swen pitit ou a nan espas rekiperasyon an.

Kisa ou ka fè pou asire ke pitit ou a an sekirite apre ou fin kite lopital la?

Poze kesyon sou swen pitit ou a pral bezwen lakay ou. Pran enstriksyon yo alekri. Pran non ak nimewo telefòn moun pou rele si w gen kesyon oswa nan ka gen yon ijans.

Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

©The Joint Commission (Komisyon miks lan) | Yo ka kopye epi distribye | Department of Corporate Communications (Depatman komunikasyon antrepriz)



Eskane pou gade videyo sou preparasyon pou operasyon!

